


# Alkitab kanggo murangkalih Nyanggakeun



## Waktos Pikareueuseun Pikeun Yesus



Ditulis ku: Edward Hughes

Ilustrasi/juru gambar ku:  
Byron Unger, Lazarus  
Alastair Paterson

Disaluyukeun ku: M. Maillot, Sarah S.

Ditarjamahkeun ku: Kurnia Arifin


Diproduksi ku: Bible for Children  
[www.M1914.org](http://www.M1914.org)

©2025 Bible for Children, Inc.

Lisensi: Saderek ngagaduhan hak kanggo ngopy atanapi nyetak  
carita ieu, salami sanes kanggo tujuan komersil.


1

Nalika Yesus  
dibaptis, Gusti  
nyarios. Saur-Na,  
"Ieu teh Putra  
Kami anu kaasih.  
Kami remen ka  
Anjeunna." ROH  
SUCI GUSTI  
lungsur ka Yesus  
dina rupa japati.



2

Teu lami saatos éta,  
Roh Suci Gusti nyandak  
Yesus ka gurun. Harita  
Yesus nyalira.



3

Yesus puasa opat puluh poe. Kukituna  
Anjeunna henteu tuang nanaon.  
Anjeunna ngarasa lapar pisan.




4

Alkitab nyebutkeun yén sato  
anu liar ogé aya di dinya.



5

Sétan datang pikeun ngagoda  
Yésus. Baheula, manéhna geus  
ngagoda Adam jeung Hawa matak  
teu taat ka Gusti di Taman Édén.  
Ayeuna Yesus bakal diuji.



6

Sétan nyoba  
ngagoda Putra  
Gusti, Yésus.



7

"Lamun Anjeun Putra Gusti," ceuk  
Iblis, "jadikeun batu ieu roti."  
Anjeunna terang Yesus lapar.  
Manéhna nyaho Putra Gusti tiasa  
ngarobah batu jadi roti. Piraku  
Yésus bakal nurut ka Iblis?




8

Moal! Yesus moal nurut ka Iblis. Malihan, Anjeunna ngajawab tina Dawuhan Gusti. "Jelema moal hirup ku roti wungkul, tapi ku unggal kecap anu kaluar ti cangkem Gusti."



9

Lajeng Iblis nyandak Yesus ka Yerusalem, kota anu ageung, ka Bait Allah tempat jalma nyembah ka Gusti. Naon anu bakal dilakukeun ku Iblis salajengna?



10

"Upami Anjeun leres Putra Gusti, geura lungsur ka handap," saur Iblis. "Firman-Na nyebatkeun yen malaikat-Na bakal nyalametkeun Anjeun."



11

"Henteu!" Yesus ngawaler. "Geus katuliskeun oge... 'Ulah nguji GUSTI Allah maraneh.'"




12



Iblis nyobaan sakali deui. Anjeunna nyandak Yesus ka luar kota ka puncak gunung anu luhur pisan.

13

Némbongkeun ka Yesus sagala kamulyaan tina unggal karajaan dunya, Iblis ngomong kieu, "Kuring bakal masihan eta kabeh ka Anjeun, lamun Anjeun ngaragragkeun maneh jeung nyembah ka kuring."




14

"Tinggalkeun abdi, Sétan!" Yesus marentahkeun.  
"Aya katuliskeun... 'Maneh kudu nyembah ka  
GUSTI Gusti Allah maraneh, jeung ngan ka  
Mantenna maraneh kudu nyembah."



15

Iblis ninggalkeun  
Yesus sakedap.  
Lajeng lumangsung  
kajadian anu endah.  
Gusti ngutus  
malaikat ka  
kanyamanan sarta  
miara Putra-Na  
Yesus - Anu  
henteu nurutkeun  
kahayang Iblis.



16

Waktos Pikareueuseun Pikeun Yesus


Carita tina Dawuhan Gusti, Alkitab

Kenging ti

Mateus 4, Lukas 4

"Ngawitan bubukana Dawuhan Gusti anu  
masihan Caang." Psalm 119:130

17



38

60

18

Kisah Kitab Suci/Alkitab ieu nyarioskeun kasaeana Gusti anu tos ngajantenkeun  
urang, sareng anu mikahoyong sangkan urang tiasa wanoh ka Anjeuna.

Gusti uningaeun yen urang teh tos seueur milampah kasalahan, anu ku Mantenna  
disebat dosa. Hukuman akibat tina dosa teh nyaeta pati, tapi Gusti Allah  
kacida mikanyaah Saderek dugika ngutus Putrana Yesus, kanggo pupus dina kai  
palang teras dihukum kumargi sagala dosa Saderek. Teras Yesus gugah deui  
sareng diangkat ka sawarga! Upami Saderek percanten ka Yesus tur neneda  
ka Anjeuna supados ngahampura sagala dosa Saderek, Anjeuna baris  
ngalaksanakeun panuhun Saderek eta! Anjeuna bakal sumping sareng linggih  
di lebet Saderek ayeuna keneh oge, tur Saderek bakal sasarengan sareng  
Anjeuna salamina.

Upami Saderek percanten yen ieu sadaya teh hiji bebeneran,  
saurkeun ka Gusti sapertos kieu:

Nun Yesus, abdi percanten yen Anjeun teh Gusti, anu mijalma janten manusa  
tur pupus kanggo sagala dosa abdi, ayeuna Anjeun hirup deui. Sumangga  
sumping dina kahirupan sim abdi, hapunten sagala dosa abdi, supados abdi tiasa  
ngengingkeun hirup anu anyar, tur engke dina hiji waktos bakal sasarengan  
sareng Anjeun salamina. Tuyun sim abdi supados taat mung ka Anjeun, teras  
abdi tiasa hirup kanggo Anjeun, salaku Putra Gusti, Amin.

Aos Kitab Suci sareng teras cumarios ka Gusti unggal dinten! Yohanes 3:16

19